

# Depatman la Sante nan Eta Florida ki nan Miyami Ded

Règlement sou jwenn moun kapab kalifye pou jwenn sèvis  
Arkantite kòb itap peye lè-hint nan yon Sant de Sante

**Ki moun ki kalifye pou jwenn sèvis nan yon sant de sante?** Tout moun kap viv nan Myami Ded ak tout vizitè. Yo tout kalifye pou jwenn sèvis. Ou pa bezwen sitwayen ameriken pou yo ba-w sèvis. Ni Nou pa refize moun sèvis pou keksyon ras, koulè, sèks, andikape, reliyon, direksyon seksyèl moun nan ou byen nasyonalite-l.

**Ki sa-m bezwen pote pou-m jwenn sèvis nan sant de sante yo?** Se pou pote yon kat didantite ki gen foto-w ak adrès kôte w rete; kat asirans sante-w si ou genyen asirans sante. Pou anplwaye yo kapab wè konbyen kòb wap gen pou peye, vini ak enfòmasyon sou tout moun kap viv nan kay la, kôte yap travay, adrès travay la ak kantite kòb chak moun ap touche.

**Ki jan yo kalkile ki kantite kòb pou-m peye?** E byen se men-m jan lè wal kay nenpòt doktè. Sa depan de sèvis yo ba-w, de sa yo fê pou ou. Sèlman gen sèvis ki gratis tankou vaksen pou ti mounn. Dapre enfòmasyon w bay, anplwaye-a ap kalkile ki kantite kòb pou peye. Tankou si ou ta dwe peye antou 40 dola; epi apre kalkil ou kalifye pou peye yon ka nan lajan-an; e byen, anplwaye-a ap fê-w peye 10 dola sèlman. Yon sèl bagay, zafè pou gade si ou kalifye pou peye yon ti kras kòb lan, yo pa fê-l pou gran moun kap vwayaje epi ki vinn pwan yon vaksen espesyal pou kote yo pwale-a. Epi si ou gen asirans, wap gen pou peye sèlman pati la jan ke asirans lan mande pou peye lè wal kay doktè.

**Ki jan-mwen kapab kalifye pou-m peye yon ti kras kòb?** Sa depan de kantite la jan fanmi lan fê ak kantite moun ki sou kont fanmi-an. Ou kapab pa peye anyen, tou kòm ou kapab oblige peye tout kòb la tou. Se sa ki fê li enpòtan pou bay enfòmasyon sou kantite moun ki nan kay la kote yap travay ak valè lajan chak moun kap viv nan kay la fê. Vini ak resi chèk, fòm W-2, e si ou pap travay, vini ak yon lèt kòm pwèv.

**Es ke-m oblige bay enfòmasyon sou valè lajan moun kap travay nan kay la fê?** Pwèv sou valè lajan moun kap travay nan kay la fê enpòtan sèlman lè ou pa ta renmen peye tout kòb yo mande-w pou sèvis la. Ou gen dwa di anplwaye-a ke li pa bezwen chèchè gade si ou kalifye. Songe lè sa-a wap responsab pou peye tout kòb yo mande pou sèvis lan.

**Ki sa kap pase si-m pa gen pwèv kantite lajan moun nan kay la fê?** Ou kapab pale ak anplwaye nan sant lan sou sitiyasyon-w. Di li pou ki sa ou pa kapab bay pwèv li mande-w la sou valè lajan moun nan kay la fê.

**Ki sa kap pase si-m pa gen asirans, ou byen ase lajan pou-m peye pou vizit lan?** Depatman la Sante nan Eta Florida ki nan Miyami Ded pap derefize ba-w sèvis paske ou pa gen lajan pou peye. Men, wap toujou responsab pou peye tout kòb sèvis ou pran-an koute. Ou kap peye tout kòb lan ou byen mòso nan kòb lan ak lajan ou byen ak yon kat kredi. Lè ou finn peye, anplwaye-a ap ba-w yon resi ki gen sèvis ou resevwa-a, konbyen kòb ou gen pou peye, valè lajan ou peye ak rès kòb ki rete pou peye si ou ta gen yon balans. Si ou pa vinn peye rès kòb lan, Depatman la Sante nan Eta Florida ki nan Miyami Ded otorize pou-l voye non-w nan yon ajans ki la pou rekòlte lajan pou mande touche rès lajan ou dwe-a pou li.

